

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Sakabéh jalma nu gelar di pawenangan ieu tangtuna waé bakal lumangsung hirup kalawan hadé ngaliwatan komunikasi. Komunikasi mangrupa salah sahiji unsur anu teu bisa leupas tina kahirupan unggal jalma. Ngaliwatan komunikasi, hirup urang tangtuna waé bakal leuwih jembar pangaweruh.

Jaman kiwari, enggoning urang komunikasi geus henteu merlukeun deui paadu hareupan atawa paamprok jonghok jeung nu rék diajak nyarita. Hal ieu téh balukar tina kaayaan jaman, utamana téknologi. Geuning réa nu nganggap yén jaman kiwari téh jaman TIK (Teknologi Informasi Komunikasi) nu ditandaan ku babarina jalma narima informasi (tina TV, internét, radio) jeung babarina jalma pikeun komunikasi (tina Telepon, HP, Email, jsté).

Salah sahiji pakakas komunikasi ni dipikawanoh jeung moal bireuk deui di masarakat nya éta radio. Radio mangrupa salah sahiji pakakas komunikasi. Sakabéh alam marcapada ieu, sahenteuna keuna ku sinyal éléktromagnétik nu dijomantarakeun ku kurang leuwih 35 rébu stasion radio. Saupama ditilik tina ambahan frekuensina, radio téh leuwih punjul batan télévisi jeung surat kabar.

Dina satengahing abad kabéhdieunakeun, ku kaunikan katut cirina nu mandiri, radio geus jadi pakakas nu marengan masarakat dina hirup kumbuh sapopoé. Tétéla, leuwih réa masarakat nu ngabandungan radio batan média nu séjénna.

Nurutkeun Kénnéth Costa ti Radio *Advertising Bureau* USA sakumaha dicutat ku Michael C. Keith (Titimangsa 2000), dina M. Romli nétélakeun yén 95 % tina jumlah mobil sadunya (kurang leuwih 135 juta) dilengkepan ku radio. Éta téh dua tikeleun tina total sirkulasi sakabéh koran di dunya (kurang leuwih 60 juta). (2004: 8). Jeung nurutkeun survey, opat tina lima urang jalma nu geus sawawa sok ngabandungan radio saban minggu. (2004: 8).

Di Indonésia, utamana di tatar Sunda, pangaruh radio ogé masih karasa kénéh nepi ka ayeuna. Sok sanajan kiwari pangaruhna geus méh-méhan kaeréh ku télévisi, tapi lebah fungsina, média radio téh masih nyongcolang tur bisa dipiandel pisan batan média nu séjén. Ieu hal bisa katangén tina lobana jumlah radio nu nyadiakeun pidangan husus patali jeung kabudayaan lokal (Sunda) nu tampolana dicirian ku digunakeunana basa Sunda minangka basa panganteurna.

Radio Garuda mangrupa salah sahiji tina sakitu réana stasion radio nu leubeut pisan ku acara nu patali jeung kasundaan. Ieu hal katangén tina jumlah pidangan nu ngagunakeun basa Sunda nepi kana tujuh kalina dina sapoé. Sedengkeun hiji stasion radio di Bandung rata-rata midangkeun tilu nepi ka opat acara Sunda. Hartina, radio Garuda kawilang punjul minangka média kasundaan mah.

Salah sahiji pidangan acara Garuda FM nu ngahudang kapanasaran pikeun ditalungtik téh nya éta pidangan *Cinta ka Kampung Bandung (Cikapundung)*. *Cikapundung* mangrupa pidangan nu dijomantarakeun ngaliwatan siaran radio Garuda 105,5 FM nu eusi pidanganana ngawengku: kawih, tembang, konsultasi, béwara, patalimarga, kriminal, pendidikan, budaya, jeung réa-réa deui.

Demi nu bakal dibahas dina ieu panalungtikan nya éta: *Analisis Undak-usuk Basa Sunda dina Pidangan Cinta ka Kampung Bandung (Cikapundung) di Radio Garuda 105,5 FM- Bandung.*

Ku ayana pidangan Cikapundung nu ngagunakeun basa Sunda, sacara teu langsung, Radio Garuda geus ngamumulé basa Sunda. Papadaning kitu, basa Sunda anu digunakeun dina éta pidangan téh masih kénéh karasa kurang merenah, pangna dina acara interaksi jeung kaum dangu. Dina ieu acara, sakapeung lumangsungna interaksi antara juru siar jeung kaum dangu téh kurang maliré kana undak-usuk basa sarta sok kacampuran ogé ku basa Indonesia. Angot ieu mah réréana kaum dangu nu interaksina téh urang Sunda ti rupa-rupa kalangan di antarana pajabat, ibu rumah tangga, karyawan, jsté.

Maluruh undak-usuk basa Sunda dina pidangan *Cikapundung* di Radio Garuda 105,5 FM- Bandung, didadaran réana sugri kaum dangu nu mikalandep kana ieu pidangan. Ieu hal katangén tina lilana durasi pidangan, réspon kaum dangu ngaliwatan telepon jeung sms, katut iklan nu ngeuyeuban dina pidangan *Cikapundung*.

Minangka gambaran, durasi pidangan *Cikapundung* Garuda 105.5 FM Bandung téh dua jam, jumlah pamiarsa nu nelepon saban pidangan kurang leuwih 70 urang, jumlah SMS nu katarima ku operator saban pidangan kurang leuwih 150 SMS, sarta jumlah iklan nu ngadeudeul saban pidangan aya tujuh iklan layanan.

Sajaba ti éta, dumasar kana katerangan *Persatuan Radio Siaran Swasta Nasional Indonesia (PRSSNI)* kota Bandung, sajumlahing radio di kota Bandung, nu nyiarkeun pidangan Sunda réréana maké juru siar nu pituin urang Sunda, tapi dina pidangan *Cikapundung* mah juru siarna téh asalna ti Médan, Sumatera Utara. Tapi, sajeroning ngilu aub dina éta pidangan, tétéla yen juru siarna katangén mahér dina basa Sundana. Éta nu ngabalukarkeun ieu pidangan ngahudang kapanasaran pikeun ditalungtik.

Lebah dieu, peran juru siar salaku panumbu catur téh kacida pentingna enggoning nepikeun maksud dina éta pidangan. Saupama éta pidangan téh boga udagan pikeun ngamumulé budaya katut basa Sunda, tanwandé éta udagan téh kudu ditarekahan ku rupa-rupa cara sangkan éta acara téh kajaba dipigandrung, ogé boga ajén atikan pikeun kaum danguna. Atuh pamustunganana, kaum dangu téh bisa leuwih mahér dina ngagunakeun basa Sunda nu ditandaan ku digunakeunana undak-usuk basa Sunda jeung ngurangan interférénsi tina basa deungeun.

Nurutkeun Budi Rahayu Tamsyah taun 1987 (kaca 9) undak-usuk téh panta-panta basa nu dipakéna diluyukeun jeung kaayaan umur, kalungguhan, sarta situasi kaayaan nu nyarita, jeung nu diajak nyarita katut nu dicaritakeunana. Kamahéran dina nyarita basa Sunda tangtuna henteu leupas tina undak-usuk basa boh juru siar boh kaum dangu.

Dipakéna tatakrama basa Sunda ku juru siar atawa mitra kaum dangu ieu dipiharep sangkan bisa numuwuhkeun sikep silih ajénan jeung ngamumulé basa

Sunda. Ku dipakéna undak-usuk basa Sunda dina pidangan *Cikapundung* di Radio Garuda 105,5 FM Bandung, dipiharep ogé sugri kaum dangu mibanda budi parangi nu luhung, luyu jeung paribasa hadé ku omong goreng ku omong, hadé tata hadé basa, hadé gogog hadé tagog, silih asah silih asih silih asuh.

Dumasar anu ditétélakeun di luhur, dina ieu panalungtikan panulis baris maluruh kumaha basa Sunda dina pidangan *Cikapundung* di Radio Garuda 105,5 FM Bandung. Ku kituna ieu panalungtikan nu judulna "Basa Sunda dina Pidangan Cinta ka Kampung Bandung (Cikapundung)" téh perlu dilaksanakeun.

1.2 Watesan Masalah

Maluruh perkara digunakeunana basa Sunda dina pidangan *Cikapundung* sacara gembeng tangtu bakal lega teuing ambahanana. Ku kituna, masalah dina ieu panalungtikan téh diwatesanan. Panulis bakal medar ngeunaan undak-usuk basa jeung interférénsi gunem catur nu aya dina pidangan Cinta ka Kampung Bandung (Cikapundung) Radio Garuda 105,5 FM- Bandung.

1.3 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang masalah nu dipedar saméméhna, masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun saperti ieu di handap.

1. Naha kekecapan nu dipaké dina pidangan Cinta ka Kampung Bandung (Cikapundung) téh luyu jeung kaédah undak-usuk basa Sunda?
2. Naha aya interférénsi basa Indonesia kana basa Sunda nu dipaké dina pidangan Cinta ka Kampung Bandung (Cikapundung)?

1.4 Tujuan jeung Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Tujuan Panalungtikan

Tujuan panalungtikan ieu nya éta pikeun:

1. Ngadéskripsikeun undak-usuk basa Sunda nu dipaké dina pidangan Cinta ka Kampung Bandung (Cikapundung).
2. Ngadéskripsikeun interférénsi basa Indonesia kana basa Sunda dina pidangan Cinta ka Kampung Bandung (Cikapundung).

1.4.2 Mangpaat Panalungtikan

Unggal panalungtikan anu dilaksanakeun tangtuna kudu mibanda mangpaat. Ieu panalungtikan téh boga mangpaat pikeun sababaraha pihak, sakumaha ieu di handap.

1. Pikeun panalungtik, bisa ngamangpaatkeun ieu panalungtikan sangkan nambahan pangaweruh dina widang tatakrama basa anu dipaké ku juru siar

jeung mitra kaum dangu nu aya dina acara “Cikapundung” di Radio Garuda 105,5 FM- Bandung. Lian ti éta bisa ogé dijadikeun bahan babandingan kumaha prak-prakanana maké basa Sunda dina pidangan radio, nepi ka mitra kaum dangu ngarasa resep kana éta pidangan.

2. Pikeun juru siar jeung programmer radio, ieu hasil panalungtikan dipiharep bisa jadi bahan informasi kumaha makéna basa Sunda dina acara-acara di radio.
3. Pikeun masarakat umum, ieu hasil panalungtikan dipiharep méré informasi ngeunaan undak-usuk basa Sunda nu dipaké ku juru siar jeung mitra kaum dangu dina pidangan “Cikapundung” di Radio Garuda 105,5 FM- Bandung, nepi ka jadi eunteung pikeun masarakat nu maraké basa Sunda.
4. Lembaga atikan, hususna jurusan Pendidikan Bahasa Daérah - UPI, nya éta pikeun nambahan koléksi référénsi kaélmaan, utamana hasil panalungtikan nu patalina jeung garapan sosiolinguistik ngeunaan undak-usuk basa Sunda dina acara-acara di radio.

1.5 Anggapan Dasar

Anu jadi anggapan dasar dina ieu panalungtikan di antarana:

1. dina pidangan “Cikapundung” di Radio Garuda 105,5 FM- Bandung juru siar jeung mitra kaum dangu biasana maké basa Sunda.
2. ayana aturan undak-usuk basa Sunda nu perlu diperhatikeun dina proses komunikasi maké basa Sunda.

3. ayana tiori-tiori komunikasi dina siaran radio bisa jadi tatapakan sangkan hiji acara di radio dipikaresep ku kaum danguna.

1.6 Wangenan Operasional

Upama ditataan hiji-hiji, judul panalungtikan téh “Basa Sunda dina Pidangan Cinta ka Kampung Bandung (Cikapundung) di Radio Garuda 105, 5 FM- Bandung” miboga harti saperti ieu di handap.

(1) Basa Sunda nya éta salah sahiji basa indung nu dipaké ku salah sahiji sélér bangsa Indonésia nu nyicingan sabagéan gedé daérah Jawa Barat.

(2) Pidangan Cinta ka Kampung Bandung (Cikapundung) di Radio Garuda 105,5 FM Bandung nya éta hiji pidangan nu diuwuh ku rupa-rupa materi saperti masalah naon waé nu jadi karerepet masarakat kota Bandung, di antarana patali marga, dunya atikan, PDAM (Perusahaan Daérah Air Minum), PLN (Perusahaan Listrik Negara), konsultasi jodo, néangan pakasaban, utamana bangbaluh naon waé nu nyangkaruk di masarakat kota Bandung. Nu leuwih kataji deui pikeun panalungtik, juru siar dina pidangan Cikapundung ieu nya éta Wildan Nasution nu asalna ti Médan (Sumatera Utara). Sok sanajan kitu, paguneman nu dipakéna sok maké basa Sunda.

(3) Undak-usuk basa nya éta sopan santun makéna basa waktu ngayakeun komunikasi.

